



CITY OF  
**EVERETT**

**Carlo DeMaria**  
Mayor

**PWOGRAM ÈD AKONT (PREMYE PEMAN)  
POU MOUN KA P ACHTE KAY POU  
PREMYÈ FWA NAN VIL EVERETT**



**Department of Planning & Community Development  
484 Broadway, Everett, MA 02149 |  
Telefòn: (617)-394-2452 Imel: Everett.FTHB@ci.everett.ma.us**

## Gid Pwogram Èd Akont (Premye Peman) pou Moun k ap Achte kay pou Premye Fwa

**Objektif:** Pwogram Èd pou Premye Achte Kay la fèt pou bay sipò finansye bay moun ki elijib selon revni yo, ki ap achte kay pou premye fwa, pou ede yo simonte baryè pou achte premye kay yo nan Vil Everett.

**Èd ke yo bay:** Pwogram lan ofri jiska \$20,000 kòm èd bay aplikan ki elijib yo. Yo bay èd la sou yon baz moun ki vin anvan ap resevwa èd laavan nan dat ak lè yo resevwa aplikasyon an.

**Ranbousman:** èd la estrikture kòm yon **prè ki totalman padonab si kondisyon yo satisfè**. Prè a vin padonnen sou yon peryòd senk an, kote 20% nan prè a padonnen chak ane. Ranbousman prè pro rata a obligatwa **sèlman** si pwopriyetè kay la vann li, **refinanse nan objektif pou pran ekite a**, transfere tit la nan pwopriyete a, oswa si kay la pa sèvi ankò kòm rezidans prensipal pwopriyetè a.

**Pwopriyete ki elijib yo:** Pwogram sa a disponib sèlman pou pwopriyete ki nan vil Everett. Pwopriyete ki elijib yo enkli: **Kay pou yon sèl fanmi, Kondominyòm, kay 2-4 fanmi**, depi ke pwopriyetè yo pa rete nan apatman yo epi yo lwe a pi ba pri sou mache a dapre akò ak direktiv eta a.

**Aplikasyon disponib nan:** - City of Everett, Office of Planning and Development, Room 25 Everett MA 02149  
Everett Public Libraries, - Entènèt nan [Planning & Development - Everett, MA - Sitwèb Ofisyèl \(cityofeverett.com\)](#).

### Kondisyon pou Elijiblite

1. **E stati Moun kap Achte Kay Premye Fwa:** Pwogram lan itilize definisyon HUD pou yon "Moun kap Achte Kay Premye Fwa"<sup>1</sup> Ni aplikan ni mari/madanm li pa ka gen enterè sou okenn pwopriyete nan twazan ki sot pase yo;
2. Kay la dwe achte andedan Vil Everett.
3. **Limit Revni:** Revni fwaye a dwe tonbe ant 60% ak 150% Revni Medyan Zòn (AMI). Gade dènye limit revni ke HUD bay anba a.

Nan kontèks aplikasyon sa a, tèm "**fwaye**" a refere a yon kantite moun ki planifye pou yo abite ansanm kòm yon fanmi oswa yon gwoup inifye nan pwopriyete ke yo gen entansyon achte a. Kèlke moun, ke aplikan yo kounye a pataje yon pwopriyete avèk yo, men ki pa pral abite nan pwopriyete ke yo gen entansyon achte a, tankou kolokatè, pa dwe enkli nan gwosè fwaye a.

### Limit Revni FY 2025 pou Zòn Metro HUD Boston-Cambridge-Quincy (MA-NH)

Gwosè fwaye a	1	2	3	4	5	6
60% limit revni	\$62,340.00	\$71,280.00	\$80,160.00	\$89,040.00	\$96,180.00	\$103,320.00
100% limit revni	\$107,600.00	\$122,950.00	\$138,300.00	\$153,650.00	\$165,950.00	\$178,250.00

4. **Rezidans prensipal:** Kay ki achte a dwe se rezidans prensipal aplikan an. Aplikan/an(yo) dwe se pwopriyetè/a (yo) pwopriyete a apre acha a.

**Tout sous revni pou manm fwaye a dwe verifye. Sa gen ladan salè, pansyon alimanè timoun, pansyon, ak lòt fòm revni yo. Pou verifikasyon revni pansyon alimanè timoun, kontakte Child Support Customer Service Bureau nan 1-800-332-2733 pou yon lèt enfòmasyon.**

---

FY 2025 HOME Income Limits – Massachusetts,” U.S. Department of Housing and Urban Development, accessed June 17, 2025, [https://www.huduser.gov/portal/datasets/home-datasets/files/HOME\\_IncomeLmts\\_State\\_MA\\_2025.pdf](https://www.huduser.gov/portal/datasets/home-datasets/files/HOME_IncomeLmts_State_MA_2025.pdf).

5. **Byen likid:** Byen likid total kay la pa dwe depase \$100,000.
  - **Definisyon Byen Likid pou pwogram sa a:** Fon ki ka fasilman konvèti an lajan kach san penalite, gen ladann lajan kach, kont bankè (epay, chèk, sètifikasi depo), aksyon, obligasyon, ak lajan ki se don.) Pou balans kont chèk, balans mwayèn 3-mwa a pral itilize pou fè kalkil yo.
  - **Byen ki Ekskli:** Gen ladan plan epay etid ke gouvènman apwouve, asistans pou akont (premye peman) oswa depans pou kloti ki soti nan lòt sous ak objektif pou achte pwopriyete sa a, 403(b), 401(k), IRA, 457(b), ak fon pansyon.
6. **Apwobasyon ipotèk:** Aplikan/yo dwe kalifye pou yon ipotèk ki gen to enterè fiks konvansyonèl oswa ke gouvènman an patwone ak yon kreditè yo chwazi. Kreditè ipotèk prensipal aplikan an dwe dakò pou finanse montan DPA a nan moman kloti a.
7. **Sètifikasyon pou achtè kay premyè fwa:** Aplikan an **oswa** ko-aplikan an dwe ale epi konplete yon atelye konsèy pou achtè premye fwa ke yon òganizasyon oswa ajans sètifye ofri. Pou yon lis òganizasyon ki bay klas pou achtè kay tcheke: : <https://www.mymasshome.org/homeownership-education-calendar>.
8. **Nimewo Sekirite Sosyal:** Aplikan an ansanm ak ko-aplikan dwe genyen nimewo Sekirite Sosyal ki valab.
9. **Egzijans Enspeksyon:** Aplikan an ak achtè a dwe dakò ak yon twazyèm pati enspeksyon ki fèt omwen 10 jou anvan kloti a. Pap gen okenn depans ki asosye pou achtè a oswa vandè a pou sèvis enspeksyon an. Kay ki gen entansyon achte a dwe an konfòmite ak òdonans Eta a ak bïlding lokal, zòn, ak sante ak kòd sekirite ak òdonans yo.
10. **Konfòmite Penti Plon:** Kay ki te bati anvan 1978 yo sijè a règleman federal sou penti ki a baz plon. Aplikan yo dwe siyen yon fòm rekonesans ki deklare ke yo konprann risk ki genyen nan ekspozisyon yo a penti ki a baz plon, espesyalman pou fanm ansent ak timoun ki poko gen 6 zan.

## **Dokimantasyon Obligatwa**

Pou byen trete aplikasyon an, dokiman sa yo dwe rive jwenn Vil Everett nan moman ke aplikasyon an soumèt. Lòt materyèl ka ekzije nan fason ke Vil Everett deside pou verifye enfòmasyon yo.

### **Etap 1: Tanpri founi dokiman sa yo:**

1. **Aplikasyon ki ranpli epi siyen** (pa alafwa aplikan an ak ko-aplikan an).
2. **Ipotèk Pre-Apwobasyon** nan men yon kreditè.
3. **Sètifica Konsèy pou Achte Kay pou Premyè fwa** (ki te bay nan 2 ane ki sot pase yo).
4. **Prèv rezidans Everett** (Idantifikasiyon Massachusetts/Lisans chofè oswa yon bòdwo sèvis publik).
5. **Deklarasyon Bankè:** Bay deklarasyon twa dènye mwa yo pou tout kont yo, ki gen ladan epay, chèk, CD, aksyon, obligasyon, ak lajan kado.
6. **Verifikasiyon Revni:** Bay souch chèk pou de mwa ki sot pase yo pou tout moun nan fwaye a ki gen 18 an oswa plis. **Revni pou tout manm fanmi yo dwe konte epi verifye.** Si yon timoun nan fwaye w la resevwa pansyon alimantè timoun, ou dwe rapòt l. Pou verifikasiyon revni pansyon alimantè timoun, kontakte Child Support Customer Service Bureau nan 1-800-332-2733 pou yon lèt enfòmasyon. Si w se yon travayè endependan, bay yon Deklarasyon Pwofi ak Pèt pou tout ane a ki soti nan men kontab ou.
7. **Afidavit san revni (si sa nesesè).**
8. **Deklarasyon Enpo:** Soumèt kopi deklarasyon enpo federal ki siyen pou de dènye ane yo. Si w bezwen yon kopi deklarasyon enpo a, vizite **IRS, Get Transcript** sitwèb: <https://www.irs.gov/individuals/get-transcript> oswa ou ka mande tou pou yo voye yon kopi pa lapòs lè w rele sèvis transkripsyon telefòn otomatik nou an nan [800-908-9946](tel:800-908-9946).
9. **Rapò sou Kredi:** Bay yon rapò kredi aktyèl pou chak manm nan fwaye a ki gen 18 an oswa plis.

Tanpri bay 15-20 jou ouvrab pou tretman apre w fin soumèt **aplikasyon konplè a ak tout dokiman sipò ki endike nan Etap 1 an.** Yo va fè w konnen pa lapòs ak imel yon fwa ke yo detèmine si fwaye w la kalifye lè w resevwa yon Lèt Elijbilité Preliminè.

Sètifica Elijbilité Preliminè a valab pou 6 mwa, yon kloti dwe fèt nan peryòd sis mwa sa a. Si kloti a pa rive fèt nan peryòd sis mwa sa a, aplikan an ka reaplike lè li soumèt yon nouvo aplikasyon ak dokiman sipò yo.

Osito ke fwaye w fin resevwa yon Lèt Preliminè pou Elijbilité epi li aksepte yon Òf pou Achte nan men vandè a, tanpri soumèt rès dokiman ki endike nan Etap 2 a.

## **Etap 2**

Se responsabilite Aplikan an pou l bay enfòmasyon kontak Kreditè a, Ajan imobiliye a ak Avoka a, pou l prepare epi voye dokiman ki nesesè yo ale nan yon tan apwopriye bay: City of Everett, Planning & Community Development Department, 484 Broadway, Everett MA 02149 oswa imel: [Everett.FTHB@ci.everett.ma.us](mailto:Everett.FTHB@ci.everett.ma.us).

Achtè a bay	Kreditè a bay
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Acha ak Kontra Lavant lan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bank V.O.E (Verifikasyon Travay)</li> <li>• Rapò sou Kredi Bankè</li> <li>• Aplikasyon pou Ipotèk</li> <li>• Lèt Angajman Ipotèk</li> <li>• Evalyasyon Pwopriyete</li> <li>• Fèy Travay prenè fèm oswa Fòm 1008, oswa Rezime Transmisyon</li> <li>• Estimasyon prè ki detaye prensipal, enterè, taks, ak asirans (PITI).</li> </ul>

## **Etap 3- Enspeksyon Kay**

Yon enspeksyon pa yon lòt pati dwe fèt omwen 10 jou anvan kloti. Anplwaye vil la va fè enspektè a konnen ke yon enspeksyon obligatwa, epi li va bay enfòmasyon kontak aplikan an pou fè aranjman pou enspeksyon an. Apre enspeksyon an, enspektè a dwe soumetè yon kopi bay Depatman Planifikasyon Vil Everett nan twa jou ouvrab. Kay ki gen entansyon achte a dwe an konfòmite ak òdonans Eta a ak bilding lokal, zòn, ak kòd sante ak sekirite epi òdonans yo.

## **Etap 4: Revizyon Dokiman Final yo**

Lè yo fin resevwa aplikasyon konplè a, anplwaye Depatman Planifikasyon an pral revize epi verifye si aplikan an kalifye. Si li kalifye, aplikan an ap resevwa yon lèt angajman final.

## **Etap 5: Apwobasyon Final**

Anplwaye Depatman Planifikasyon Vil Everett la pral voye dokiman pou kloti yo bay avoka kloti a, pou achtè a siyen nan kloti a ansanm ak enstriksyon detaye pou kloti yo.

## **Etap 5: Kloti**

Achtè kay la (yo) pral siyen tout dokiman sibvansyon Pwogram yo mande yo nan kloti ipotèk la. Kreditè a dwe voye Divilgasyon Kloti a ak Lèt Angajman Prè a bay Vil Everett, Depatman Planifikasyon ak Developman Kominotè. Avoka kloti a ak/oswa kreditè a dwe bay City of Everett nòt pwomès ki anrejistre a.

## **Etap 6: Felisitasyon pou nouvo Kay ou a!**



## CITY OF EVERETT FIRST -TIME HOMEBUYER DOWN PAYMENT ASSISTANCE APPLICATION

	<b>Aplikan</b>	<b>Ko-Aplikan</b>
Non: Prenom/ IM/ Siyati		
Adrès aktyèl:		
Dat nesans:		
Sekirite Sosyal		
Nimewo Telefòn		
Imel		
Èske w se yon sitwayen ameriken? Tanpri ekri wi/non. (Si non, tanpri mete prèv rezidans pèmanan)		
Èske w ap achte kay pou premye fwa?		
Èske w posede oswa gen yon enterè finansye nan nenpòt lòt byen imobilye oswa biznis?		
Èske w te patisipe nan yon pwogram konsèy pou achte kay sètifye nan 24 mwa ki sot pase yo?		
Èske w ap aplike antan ke yon moun k ap achte kay premye fwa k ap travay pou Lekòl Piblik Vil Everett/Departman Ponpye Everett/ Depatman Lapolis Vil Everett, Meri/Bibliyotekè Vil la?		

### **Konpozisyon Fwave**

Tanpri fè lis tout moun ki gen entansyon abite nan pwopriyete a.

<b>Non Manm Fwave</b>	<b>Relasyon ak Aplikan an</b>	<b>Laj</b>

### **Enfòmasyon sou Travay**

Ou dwe make tout revni pou tout manm nan fwaye la **ki gen plis pase 18 an**. Si yon moun gen plis pase yon revni, tanpri mete yo chak kòm separe.

	<b>Aplikan</b>	<b>Ko-Aplikan</b>	<b>Manm plis ke 18 an</b>	<b>Manm plis ke 18 an</b>
Non Anplwayè 1:				
Pozisyon nan Djòb 1:				
Adrès:				
Enfòm. pou Kontakte Anplwayè				
Konbyen tan w ap travay la				
Salè mansyèl Brit:				
	\$	\$	\$	\$

	<b>Aplikan</b>	<b>Ko-Aplikan</b>	<b>Manm plis ke 18 an</b>	<b>Manm plis ke 18 an</b>
Non Anplwayè 2:				
Pozisyon nan Djòb 2:				
Adrès:				
Enfòm. pou Kontakte Anplwayè				
Konbyen tan w ap travay la				
Salè mansyèl Brit:				
	\$	\$	\$	\$

### **Revni Anyèl Fwave a**

Tanpri fè lis revni tout moun ki gen entansyon abite nan pwopriyete a (tankou aplikan an ak ko-aplikan). Tout revni yo dwe make pou tout moun nan fwave a. Kalite revni yo dwe enkli: salè brit, salè, lè siplemantè, frè, konsèy, ak bonis nan tout travay, revni nèt nan biznis, enterè ak dividann, revni sekirite sosyal (si sa aplikab), SSI Enfimite, rant, pansyon, asistans byennèt, pansyon alimantè, sipò timoun ak tout salè regilye ak espesyal atravè Fòs Lame yo.

<b>Non Manm Fwave a</b>	<b>Sous Revni</b>	<b>Revni Anyèl</b>

	<b>Revni Anyèl Total Fwaye a</b>	\$

Si revni ki prevwa pou achtè a differan de enfòmasyon ki endike anlè a, tanpri eksplike:

**Remak: Si revni yo mwens estab, yo ka mande jiska 6 mwa dokiman.**

### **Divilgasyon Zewo Revni**

**Tanpri ranpli enfòmasyon an si li aplike a nenpòt moun ki gen plis pase 18 an. Si li pa aplike a moun nan fwave ou, tanpri ekri N/A anba a.**

**Manm nan fwaye a ki gen plis pase 18 an:** \_\_\_\_\_

1. Mwen sètifye ke **mwen pa resevwa revni endividye** nan okenn nan sous sa yo:

- Salè nan travay (tankou komisyon, poubwa, bonis, frè, elatriye).
- Revni nan operasyon yon biznis.
- Revni lwave ki soti nan nan pwopriyete reyèl oswa pèsonèl.
- Enterè oswa dividann nan byen. Peman Sekirite Sosyal, rant, kontra asirans, fon retrèt, pansyon oswa benefis lanmò.
- Peman pou chomaj oswa andikap.
- Peman asistans publik. Alokasyon peryodik tankou pansyon alimantè, sipò pou timoun oswa kado ki resevwa nan men moun k ap viv nan fwaye m.

2. Kounye a mwen pa gen okenn revni epi pa gen okenn chanjman iminan ki espere nan sitiyasyon finansye mwen oswa nan sitiyasyon travay mwen pandan 12 pwochen mwa yo.

Sou penalite pou fo temwayaj, mwen sètifye ke enfòmasyon ki prezante nan sètifikasyon sa a se laverite epi li egzat dapre sa mwen konnen.

Sousiyen an pi lwen konprann ke bay fo reprezentasyon nan dokiman sa a se yon zak fwod. Enfòmasyon ki fo, ki twonpè oswa ki pa konplè ka lakòz anilasyon asistans lan atravè Pwogram Èd pou Peman Akont pou Achte Kay pou Premyè Fwa Vil Everett la.

**Manm fwaye a/ Non aplik an enprime:**

**Dat:**

## **Enfòmasyon sou Byen**

Mete prèv byen likid (deklarasyon bankè pou deklarasyon twa dènye mwa yo pou tout kont yo, tankou kont epay, chèk, CD, aksyon, obligasyon, ak lajan ki se don)

## **Divilgasyon Enfòmasyon sou Penti a baz plon epi Danje Penti a baz plon Deklarasyon Avètisman sou Plon**

Chak achtè ak nenpòt ki enterè nan pwopriyete rezidansyèl kote bati yon kay rezidansyèl te bati anvan 1978 yo fè konnen pwopriyete sa a ka lakòz moun ekspoze a plon nan penti a baz plon ki ka mete timoun piti nan risk pou yo devlope anpwazònman plon. Anpwazònman plon nan timoun piti yo ka lakòz domaj newolojik pèmanan, tankou andikap aprantisaj, kosyan entèlijans redui, pwoblèm kompòtman, ak pwoblèm memwa. Anpwazònman plon tou poze yon risk patikilye pou famm ansent. Vandè nenpòt ki enterè nan pwopriyete rezidansyèl yo oblige bay achtè a nenpòt enfòmasyon sou danje penti ki a baz plon nan evalyasyon risk oswa enspeksyon ke vandè a gen nan posesyon li epi fè achtè a konnen nenpòt danje penti a baz plon. Yon evalyasyon risk oswa enspeksyon pou posib danje penti a baz plon rekòmande anvan acha a.

## **Byen Likid Total:**

Achtè a (yo) te revize epi konprann enfòmasyon an.

**Aplikan:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Ko-Aplikan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## **Akò sou Enspeksyon ak Kondisyon Konfòmite**

Lè li siyen anba a, aplikan an ak achtè a dakò ak kondisyon sa yo:

Yon enspeksyon pa yon lòt pati omwen 10 jou anvan kloti a. Achtè a oswa vandè a pa pral gen okenn frè finansye pou yo peye pou sèvis enspeksyon an. Pwopriyete ke yo gen entansyon achte a dwe konfòme ak tout kòd ak òdonans eta a ak bilding lokal, dekoupaj an zòn, ak sante ak sekirite.

Siyati Aplikan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**Sivati Ko-Aplikan:** **Dat:**

## **Avi Konfidansyalite**

Kòm rezulta demann ou ak/oswa resevwa asistans finansyè atravè “Pwogram pou Achtè Kay pou Premye Fwa Vil Everett la”, Vil Everett mande pou kolekte enfòmasyon sa yo pou detèmine si w kalifye pou asistans atravè pwogram lan pou verifye ekzaktitud nan enfòmasyon ou bay yo.

Tanpri bay enfòmasyon pou kontakte Aktè Imobilye, Kreditè Ipotèk, ak Avoka kloti. Lè w soumèt enfòmasyon sa yo, ou dakò pou diskite de aplikasyon w lan ak nenpòt detay ki gen rapò ak moun ki nan lis anba a.

<b><u>1.Ajan Imobilye</u></b>
<b>Non:</b>
<b>Adrès Imel:</b>
<b>Telefòn:</b>
<b><u>2.Kreditè Ipotechè</u></b>
<b>Non:</b>
<b>Adrès Imel:</b>
<b>Telefòn:</b>
<b><u>3.Avoka k ap fè Kloti a</u></b>
<b>Non:</b>
<b>Adrès Imel:</b>
<b>Telefòn:</b>

Si w vle pèmèt anplwaye City of Everett diskite de aplikasyon w lan ak yon lòt pati, ou dwe fè lis moun ou vle pèmèt jwenn aksè a enfòmasyon w anba a. Lè w bay lis moun ki anba a epi w siyen aplikasyon sa a, w ap otorize anplwaye Vil Everett pou diskite de ka w la ak moun sa a.

**Non:** \_\_\_\_\_ **Relasyon:** \_\_\_\_\_ # **Telefòn:** \_\_\_\_\_

**Aplikan:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Ko- Aplikan:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

## **Kondisyon pou konfli enterè**

Dispozisyon konfli enterè sa yo aplike a Pwogram lan. Dapre Konfli enterè Kòd Règleman Federal, Tit 24, Seksyon 570.611 lan: Dispozisyon konfli enterè nan seksyon sa a aplike a nenpòt moun ki se yon anplwaye, ajan, konsiltan, ofisyè, oswa ofisyèl eli oswa ofisyèl nonmen resipyen an, oswa nenpòt ajans piblik ki deziyen, oswa lòt moun k ap resevwa lajan anba pati sa a.

**Eksepsyon pou dispozisyon konfli enterè ki endike anlè a:** Yo ka bay sibvansyon pwogram a anplwaye regilye Vil la ki pa egzèse responsabilite politik oswa pou pran desizyon sou Pwogram lan.

**Kondisyon pou Nondiskriminasyon:** Pwogram lan pral aplike nan fason ki konsistan avèk angajman Vil la pou nondiskriminasyon. Okenn moun pa dwe ekskli nan patisipasyon nan, refize benefis oswa sijè a diskriminasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki finanse an antye oswa an pati ak lajan federal sou baz reliyon li oswa afilyasyon reliye li, laj, ras, koulè, kwayans, sèks, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon matrimonial, kondisyon familyal (timoun), andikap fizik oswa mantal, oriin nasyonal, oswa zansèt, oswa lòt kòz abitrè.

Vil Everett ka pote amannman nan Gid sa yo detanzantan. Nenpòt chanjman ta dwe fèt an akò ak apwobasyon EOHLCK epi yo va mete ajou sou sit entènèt ofisyèl City of Everett.

### **Rekonesans ak Akò Aplikan an**

Aplikan an sètifye ke tout enfòmasyon ki bay nan aplikasyon sa a se laverite nan pi bon konesans li ak kwayans li eke pa gen okenn enfòmasyon ki te ekskli, ki ta ka rezonableman afekte yon jijman konsènan kalifikasyon aplikan an. Siyen aplikasyon sa a, va bay Biwo Planifikasyon ak Devlopman Vil Everett dwa pou jwenn verifikasiyon nan nenpòt ki sous ki te site la a.

TOUT MANM FWAYE KI GEN PLIS PASE LAJ 18 AN DWE SIYEN ANBA A: SANKSYON POU DEKLARASYON KI FO OSWA KI MARE AK FWÒD U.S.C. TIT 18, SEKSYON 1001, DI: "Nenpòt ki moun ki, nan nenpòt pwoblèm, ki nan jiridiksyon nenpòt depatman oswa ajans Ozetazini, ki fè espre ak volontèman, falsifye oswa fè nenpòt deklarasyon oswa reprezantasyon fo, fiktif oswa fo, ki oswa fè oswa itilize nenpòt fo ekriti oswa dokiman ki konnen menm bagay la ki genyen nenpòt deklarasyon oswa antre fo, fiktif oswa fo, va dwe peye yon amann pa plis ke \$10,000 oswa nan mete prizon pou pa plis ke senk (5) ane oswa toulede."

**Siyati aplikan an:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_

**Siyati ko-aplikan an:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_

**Siyati Manm nan fwaye a ki gen plis pase 18 an:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_

**Siyati Manm nan fwaye a ki gen plis pase 18 an:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_

### **Pou izaj biwo sèlman**

**Resevwa pa:**

**Dat ak Lè:**